

Edikasyon parantal kouraje

Pa Èldè Larry R. Lawrence

Nan Swasandis yo

Sa mond lan reyèlman bezwen se edikasyon parantal kouraje nan men manman ak papa ki pa pè pale ak pran pozisyon.

Mwen ta renmen pale jodia avèk paran tinedjè yo. Jèn entelijan ak enèjik nou yo se fiti Legliz la, e pou rezon sa a, yo se premye sib advesè a. Anpil nan noumenm manman ak papa fidèl ap tande konferans la jodia, pandan n ap priye pou nou jwenn repons pou ede nou gide pitit nou yo travèse ane enpòtan sa yo. Pigran pitit pitit gason m yo fèk tounen jènjan, konsa sijè a enpòtan pou mwen anpil. Pa gen okenn paran ki pafè, ni pa gen repons ki fasil, men gen prensip verite ke nou kapab konte sou yo.

Tèm mityèl pou Jènjan ak Jènfi yo pou ane 2010 la te soti nan liv Jozye a. Li kòmanse konsa: “Mete gason sou ou; Pa janm dekouraje! Ou pa bezwen pè” (Jozye 1:9) Fraz sa a nan ekriti yo t ap yon bon tèm pou paran yo tou. Nan dènye jou sa yo, sa mond lan bezwen reyèlman se edikasyon parental ki fèm nan men manman ak papa ki pa pè pale ak pran pozisyon.

Imajine yon moman ke pitit fi nou an chita sou yon ray tren, epi nou tande tren an k ap sifle vini. Eske nou t ap avèti li pou li soti sou ray tren an? Oubyen èske nou t ap ezite, ap sousye pou l pa panse nou twò posesif? Si li inyore avetisman nou an, èske nou t ap retire l byen vit mete yon kote ki an sekirite? Men wi se sa n t ap fè! Lanmou nou pou pitit fi nou an t ap depase tout lòt konsiderasyon. Nou tap bay lavi li plis enpòtan pase dispozisyon l nan moman an.

Pwoblèm ak tantasyon yo vini jwenn timoun nou yo avèk vitès ak puisans yon tren komèsyal. Jan yo raple nou nan pwoklamasyon sou fami an, paran yo gen responsablite pou pwoteje timoun yo. Sa vle di esprityèlman osibyen ke fizikman.

Nan Liv Mòmmon an, nou li apwopo Alma Pitit la k ap konseye pitit gason dezobeyisan li a. Koryanton te fè kèk move erè pandan li t ap sèvi yon misyon pami Zoramit yo. Alma te renmen li ase pou l te pale avèk li dirèkteman sou pwoblèm nan. Li te ekspriye pwofon mekontantman li dèskè pitit gason l la te imoral, epi li te eksplike l konsekans serye peche l la.

Mwen enspire chak fwa mwen li pawòl kouraje Alma yo: “Epi kounyeya, Lespri Senyè a di m konsa: Kòmande pitit ou yo pou yo fè byen; sepoutèt sa m kòmande w, pitit gason m nan, avèk lakrent devan Bondye, pou sispann inikite yo.” (Alma 39:12). Entèkansyon byen bonè papa l la te tounen yon pwen chanjman pou Koryanton. Li te repanti epi li te sèvi fidèlman apresa (gade Alma 42:31; 43:1--2).

Konpare egzanzp Alma a avèk pa yon lòt papa nan ekriti yo, Eli nan Ansyen Testaman an. Eli t ap sèvi kòm yon granprèt nan Izrayèl nan anfans Samyel pwofèt la. Ekriti yo eksplike ke Senyè a te reprimande li sevèman; “paske pitit gason li yo t ap fe sa ki mal, epi li pa t di yo anyen” (1 Samyèl 3:13). Pitit gason Eli yo pa t janm repanti, epi tout Izrayel te soufri akòz foli yo. Istwa Eli a ansenye nou ke paran ki renmen pitit yo pa dwe kite yo entimide yo.

Sa gen plizyè ane, nan Konferans Jeneral, Èldè Joe J. Christensen te raple nou ke “Edikasyon parantal se pa yon konkou popilarite.”² Nan menm espri sa a, Eldè Robert D Hales te di konsa: “Pafwa nou pè pitit nou

yo---nou pè bayo konsèy paske nou pè ofanse yo.”³

Sa gen kèk ane, pitit gason 17 an nou an te vle ale nan yon vwayaj pou wikenn nan avèk zanmi l yo, yo tout sete bon tigason. Li te mande m pèmisyon pou l ale. Mwen te anvi di wi, men pou yon rezon kèlkonk, mwen pat santi m konfètab avèk vwayaj la. Mwen te pataje santiman m avèk madanm mwen, ki te soutni m anpil. Li te di: “Nou bezwen tande ti vwa avètisman sa a .”

Natirèlman pitit gason nou an te fache e li te mande m poukisa mwen pat vle l ale. Mwen te reponn li onètman ke m pa t konnen poukisa. Mwen te eksplike l “Mwen senpleman pa santi m byen osijè sa, e mwen renmen w twòp pou m inyore santiman sa yo andedan m nan.” Mwen te sezi anpil lè li te reponn, “Ok, papa, mwen konprann.”

Jèn yo konprann plis pase nou reyalize; paske yomenm tou yo gen don Sentespri a. Y ap eseye rekonèt Lespri a lè li pale, e y ap gade sou egzanp nou. Nan men nou, yo aprann pote atansyon ak enspirasyon yo resevwa--pou si “yo pa santi yo byen osijè yon bagay” li preferab pou yo pa fè li.

Li enpòtan anpil pou mari yo ak madanm yo met tèt ansanm lè y ap pran desizyon parental. Si nenpòt nan paran yo pa santi yo byen osijè yon bagay, yo pa ta dwe bay pèmisyon an. Si nenpòt nan paran yo pa santi yo konfotab osijè yon film, yon cho televizyon, yon jwèt videyo, yon fèt, yon rad, yon kostim debèn, oubyen yon aktivite sou Entènèt, gen kouraj pou nou youn sipote lòt epi di “non”.

Mwen ta renmen pataje avèk nou yon lèt ki soti nan men yon manman ki gen kè brize. Pitit gason adolesan li a te gradyèlman pèdi Lespri e li te elwanye l de aktivite Legliz yo. Li te eksplike fason sa te pase: “Pandan tout ane adolesans pitit gason m nan, mwen te sousye, e m te eseye fè l sispann jwe twòp jwèt videyo vyolan. Mwen te pale avèk mari mwen, e mwen te montre li atik nan Lyawona ak nan jounal yo ki te bay avètisman sou jwèt sa yo. Men mari m te santi ke sa te oke. Li te di ke pitit gason nou an pa t al deyò ap itilize dwòg, e ke m ta dwe sispann enkyè pou sa. Gen dè moman kote m te konn sere remèt yo, men mari m te pran yo pote bali. Li te kòmanse vin pi fasil pou mwen pou m te sede... olye m te goumen. Mwen reyèlman santi ke jwe jwèt elektwonik se yon adiksyon menmjan ak dwòg. Mwen ta fè nenpot bagay pou prevni lòt paran yo pou yo pa fè menm eksperyans sa a.”

Frè m ak sè m yo, si konjwen nou pa santi l byen osijè yon bagay, montre respè pou santiman sa yo. Lè nou fè sa ki pi fasil la, lè nou pa di oubyen fè anyen, nou kapab ankouraje konpòtman destriktè a.

Paran yo kapab prevni yon pakèt traka nan ansenye pitit yo pou ranvwaye relasyon womantik jiskaske yo rive nan lè kote yo pare pou yo marye. Renmen prematire ant yon jèn gason ak yon jènfi se yon danje. Fòmè yon “koupe” kreye entimite emosyonèl, ki souvan mennen nan entimite fizik. Satan konnen bagay sa a epi li itilize l nan avantaj pa li. L ap fè tout sa li kapab pou l anpeche jènjan nou yo al sèvi yon misyon epi anpeche yo marye nan tanp.

Li enpòtan anpil pou paran yo gen kouraj pou yo pale ak entèveni anvan Satan reyisi. Prezidan Boyd K. Packer te ansenye ke: “lè moralite enplike, se dwa nou ak *obligasyon* nou pou nou leve yon vwa avètisman.”⁴

Mwen toujou kwè ke pa gen anyen ki bon ki ka rive nan rete ta lèswa; epi jèn yo bezwen konnen a kilè n ap tann yo rantre lakay yo lèswa.

Sa montre anpil sa jès lè paran rete je klè pou tann pitit yo retounen lakay. Jènjan yo ak jènfi yo fè pi bon chwa lè yo konnen paran yo ap rete tann yo pou tande kijan sware yo te pase ak pou swete yo bòn nwit.

Kite m eksprime avètisman pèsònèl pa mwen sou yon pratik ki komen nan anpil kilti. Mwen vle pale de “zafè domi deyò” oswa “pase nwit” lakay yon zanmi an. Antanke yon evèk, mwen te dekouvri ke twòp jèn vyole Pawol Sajès la oswa lwa chastete a pou premye fwa nan “domi deyò” sa yo. Twò souvan, premye ekspozisyon yo nan ponografi, oubyen menm premye rankont yo avèk lapolis rive lè y ap pase nwit lwen fwaye yo.

Presyon zanmi ka vin pi pwisan lè pitit nou yo lwen enfliyans nou, ak lè defans yo febli byenta nan aswè. Si jamè nou ta santi nou enkonfòtab osijè yon aktivite pou al pase nwit, pa pè pou nou reponn ak vwa avètisman sa a andedan nou an. Toujou kenbe espri lapriyè lè se moman pou nou pwoteje pitit presye nou yo.

Edikasyon parental kouraje pa toujou vle di pou nou di “non”. Paran yo bezwen gen kouraj pou di “wi” a konsèy pwofèt epòk nou yo tou. Dirijan Legliz nou yo konseye nou pou nou etabli metòd ki jis nan fwaye nou. Konsidere senk pratik fondamantal ki gen pouvwa pou fòtifye jèn nou yo: priyè familyal, etid ekriti familyal, sware familyal, dine familyal ansanm, ak entèvyou regilye youn ak youn avèk chak timoun.

Sa mande kouraj pou nou rasanble timoun yo pou yo kite nenpòt sa y ap fè pou yo vin mete ajenou ansanm antanke fanmi. Sa mande kouraj pou nou fèmen televizyon an ak konpitè a, epi gide fanmi nou atravè paj ekriti yo chak jou. Sa mande kouraj pou nou refize lòt envitasyon jou Lendi swa, pou nou kapab rezève jou swa sa a pou fanmi nou. Sa mande kouraj ak volonte pou nou evite pran plis randevou, pou fanmi nou kapab ansanm nan fwaye nou pou dine.

Youn nan fason ki pi efikas nou kapab enfliyanse pitit gason ak pitit fi nou yo se pale avèk yo nan entèvyou prive. Lè nou koute avèk atansyon, nou kapab dekouvri dezi kè yo, ede yo fikse bi ki jis, epi tou pataje avèk yo enpresyon espiyrityèl nou resevwa osijè yo. Fè konsèy mande kouraj.

Eseye imajine sa jenerasyon k ap leve a ta kapab devni si nou pratike senk metòd jis sa yo toutan nan chak fwaye. Jèn nou yo ta kapab menmjan ak lame Elaman an: envensib (gade Alma 57:25--26).

Edikasyon parental tinedjè yo nan dènnye jou yo se yon tach ki plen imilite. Satan ak disip li yo ap goumen pou detwi jenerasyon sa a. Senyè a konte sou paran vanyan yo pou elve yo. “Paran yo, mete gason sou nou! Pa janm dekouraje; nou pa bezwen pè...” (Jozye 1:9). Mwen konnen Bondye ap tandè epi reponn priye nou yo. Mwen temwanyè ke Senyè a sipòte ak beni paran ki kouraje yo. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade “The Family: A Proclamation to the World,” *Liahona*, Oct. 2004, 49.
2. Joe J. Christensen, “Rearing Children in a Polluted Environment,” *Ensign*, Nov. 1993, 11.
3. Robert D. Hales, “With All the Feeling of a Tender Parent: A Message of Hope to Families,” *Liahona*, May 2004, 90.
4. Boyd K. Packer, “Our Moral Environment,” *Ensign*, May 1992, 67.